

Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 128 MILYON DOLA FINANSMAN POU REBETONE  
OSWA REYASFALTE WOUT MOVE TAN IVÈNAL EKSTRÈM YO TE AFEKTE  
ANE SA A**

*Finansman an ap Sipòte 91 Pwojè nan kad Inisyativ pou Betone oswa Asfalte  
Wout ki te Sibi Efè Move Tan Ivènal Toupatou Atravè Eta New York yo*

*Epi Finansman an ap Konpleman 100 Milyon Dola yo Deja Angaje Ane sa a pou  
Pwojè k ap Asfalte oswa Betone Wout Lokal yo nan kad Pwogram PAVE NY la*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 128 milyon dola nouvo finansman Eta a ap mete disponib pou repare wout Eta yo ke move tan ivènal yo te afekte ane sa a. Finansman an pral sipòte 91 pwojè k ap betone oswa asfalte epi repare prèske 1,600 kilomèt liy sikilasyon wout ki an beton oswa asfalt toupatou atravè eta a, ki gen ladan omwen yon pwojè nan chak konte ak nan Vil New York. Nouvo finansman an, ke y ap ofri atravè Inisyativ PAVE NY la, ap konpleman 100 milyon dola yo te angaje avan nan kòmansman ane sa a pou pwojè lokal k ap repare apeprè 5,955 kilomèt liy sikilasyon sou wout toupatou atravè Eta New York la yo. Investisman san presedan nan enfrastrikti yo pral fè otowout eta yo vin pi sekirize epi pi efikas, pandan ke l'ap ankouraje komès ak touris lokal. Pwojè yo te anonse jodi a yo pral kòmanse nan prentan k ap vini la epi yo ap fini nan fen ane sa a.

“Yon rezo transpò pwospè enpòtan anpil pou sipòte kwasans ekonomik rejyonal New York la ak ekonomi lokal yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Pandan New York ap kontinye fè investisman ki lidè nan nasyon an nan enfrastrikti transpò a, move tan ivènal yo vin tounen yon nouvel nòm epi yo afekte anpil milye kilomèt liy sikilasyon chak ane. Finansman an pral ede rajeni anpil douzèn wout toupatou atravè New York epi rann vwayaj pi fasil pandan l ap sipòte ekonomi lokal yo.”

“Aprè plizyè tanpèt nèj te frape Eta New York la sezon sa a, nou konprann enpak devastatè move tan ekstrèm yo genyen sou wout nou yo epi nou bezwen ofri plis asistans”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. “Finansman enpòtan sa a pral ede kominote yo reyasfalte oswa rebetone wout move tan te afekte yo pou asire yo rete san danje pou moun vwayaje nan fason efikas. Nou pran angajman pou nou ofri minisipalite yo resous ke yo bezwen pou yo repare ak modènize enfrastrikti toupatou onivo eta a yo pou amelyore kalite lavi tout Nouyòkè.”

Bidjè aktyèl Eta a mete disponib, yon montan rekò 743 milyon dola sou fòm èd dirèk eta ap bay gouvènman lokal yo pou yo fè reparasyon ak modènizasyon nan wout ak pon yo. Yo ap sipòte finansman enpòtan sa a ke y ap fè nan enfrastrikti a atravè plan investisman senkan Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la. Gras a investisman dirab y ap fè nan enfrastrikti transpò a, ki gen ladan dènye enfizyon 128 milyon dola sa a k ap soti nan fon Eta a yo pou revitalize wout li yo, Eta New York ap amelyore kalite lavi Nouyòkè yo.

**Senatè Tim Kennedy, Prezidan Komite Sena a sou Transpò, di konsa,** “Sezon ivè sa a te patikilyèman difisil, kote kèk rejyon Eta New York la te anrejistre plizyè eka nan chanjman tanperati ki plis pase 40 degre nan lespas 24 èdtan, sa ki te lakoz anpil dega nan sistèm otowout eta nou an. Gras a finansman sa a Eta New York ap bay la, DOT eta nou an pral an mezi pou yo takle nan fason agresiv, pwoblèm twou ak lòt dega ki te rive sou wout yo pandan mwa ki sot pase yo. Mwen atann pou m kontinye lite pou nou jwenn finansman pou amelyore wout nou yo epi pwoteje chofè yo ak pyeton yo”.

**Manm Asanble William B. Magnarelli, ki se Prezidan Komite Transpò Asanble a, te deklare,** “Move tan ekstrèm sezon ivè a te kite anpil nan kominote nou yo nan dezespwa. Inisyativ pou Betone oswa Asfalte Wout ki te Sibi Efè Move Tan Ivènal Eta New York la pral mete 128 milyon dola finansman disponib pou reyasfalte oswa rebetone wout toupatou onivo eta a yo, sa k ap ede kominote yo amelyore vwayaj, touris lokal ak devlopman ekonomik. Investisman nan enfrastrikti nou yo se yon priyorite pou Eta nou an epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l kontinye sipòte inisyativ sa yo”.

Yon lis konplè pwojè pou repare asfalt oswa beton sou wout yo disponib nan fason ki annapre a:

### **Rejyon Kapital**

Anviwon 12.3 milyon dola nan pwojè pou repare 114 kilomèt liy sikilasyon nan wout nou pral site la yo ki nan konte Columbia, Greene, Albany, Rensselaer, Schenectady, Saratoga, Washington ak Warren:

- 1.4 milyon dola pou refè sifas wout Route 146 soti depi nan Route 20 pou rive nan Liy Fwontyè Konte Albany an nan Konte Albany.
- 1.6 milyon dola pou refè sifas wout Route 23A soti depi nan Route 23 pou rive nan Route 13 ki nan Konte Greene.
- 1.1 milyon dola pou refè sifas Route 150 soti depi nan Liy Fwontyè Vilaj Castleton-on-Hudson lan pou rive nan Old Post Road North nan Konte Rensselaer.
- 2.3 milyon dola pou refè sifas wout Route 29 soti depi nan Liy Fwontyè Konte Fulton/Saratoga pou rive nan Benzal Road nan Konte Saratoga
- 2.4 milyon dola pou refè sifas wout Route 147 soti Ridge Road pou rive nan Liy Fwontyè Konte Schenectady a nan Konte Schenectady.

- 660,000 dola pou refè sifas wout Route 28 soti depi nan Route 8 pou rive nan Harrington Road nan Konte Warren.
- 2.0 milyon dola pou refè sifas wout Route 22 soti depi nan Route 22A pou rive nan Route 40 nan Konte Washington.
- 850,000 dola pou refè sifas wout Route 9G soti depi nan County Route 8 (Main Street) pou rive nan Route 23 nan Konte Columbia.

### **Mohawk Valley**

Anviwon 7.3 milyon dola nan pwojè pou repare 105 kilomèt liy sikilasyon nan wout nou pral site la yo ki nan konte Oneida, Herkimer, Fulton, Montgomery, Schoharie ak Otsego:

- 1.7 milyon dola pou refè sifas wout Route 10 soti depi nan liy fwontyè Konte Fulton an pou rive nan Route 29 nan Konte Fulton.
- 1.1 milyon dola pou refè sifas wout Route 167 soti depi nan liy fwontyè Konte Otsego a pou rive nan Mumford Road nan Konte Herkimer.
- 800,000 dola pou refè sifas wout Route 5S la soti depi nan Liy Fwontyè Canajoharie East Village pou rive nan estasyon transfè MOSA nan Konte Montgomery.
- 910,000 dola pou refè sifas otowout Interstate 790 soti depi nan Route 5A pou rive nan River Road nan Konte Oneida.
- 1.7 milyon dola pou refè sifas wout Route 23 soti depi nan Vilaj Morris pou rive nan Ti Vilaj West Oneonta nan Konte Otsego.
- 1.1 milyon dola pou refè sifas wout Route 443 soti depi nan Route 30 nan Vil Schoharie pou rive nan liy fwontyè Konte Albany an nan Konte Schoharie.

### **New York Santral**

Anviwon 12.8 milyon dola nan pwojè pou repare 148 kilomèt liy sikilasyon nan wout nou pral site la yo ki nan konte Oswego, Onondaga, Cayuga, Cortland ak Madison:

- 1.2 milyon dola pou refè sifas Route 38 soti depi Onò Wyckoff Road pou rive Osid Lake Avenue Extension, ak tout longè Route 437 la nan vil Fleming ak Owasco, nan Konte Cayuga.
- 2.6 milyon dola pou refè sifas wout Route 11 soti depi nan Health Camp Road pou rive nan liy fwontyè Konte Onondaga nan Konte Cortland.
- 1.6 milyon dola pou refè sifas wout Route 91 soti depi nan liy fwontyè Konte Onondaga pou rive nan Route 13 nan Konte Cortland.
- 1.2 milyon dola pou refè sifas wout Route 80 soti depi nan Vesper (Dutch Hill Road) pou rive Route 11/281 nan Konte Onondaga.
- 2.6 milyon dola pou refè sifas wout Route 11A soti depi nan Route 80 pou rive nan Onondaga Nation (South of Buffalo Hill Road) nan Konte Onondaga.

- 980,000 dola pou refè sifas wout Route 321 soti depi nan Route 20 nan Vilaj Skaneateles pou rive nan Kingston Road nan Konte Onondaga.
- 1.6 milyon dola pou refè sifas wout Route 49 soti depi nan Route 264 pou rive nan Route 11 nan Konte Oswego.
- 970,000 dola pou refè sifas wout Route 13 soti depi nan Ferndell Road pou rive nan Falls Road, Vil Cazenovia ak Fenner nan Konte Madison.

### **Finger Lakes**

Anviwon 12.8 milyon dola nan pwojè pou repara 190 kilomèt liy sikilasyon sou wout nou pral site la yo ki nan konte Orleans, Genesee, Wyoming, Livingston, Monroe, Wayne, Ontario, Yates ak Seneca:

- 1.8 milyon dola pou refè sifas wout Route 237 soti depi nan Route 33 rive nan Liy Fwontyè Konte Genesee/Orleans nan Konte Genesee.
- 1.3 milyon dola pou refè sifas wout Route 436 soti depi nan Liy Fwontyè Wyoming/Livingston lan pou rive nan Vilaj Nunda (Liy Fwontyè West Village la) nan Konte Livingston.
- 1.3 milyon dola pou refè sifas wout Route 253 (Lehigh Station Road) soti depi nan Route 15A pou rive nan Route 65 ki nan Konte Monroe.
- 730,000 dola pou refè sifas wout Route 19 soti depi nan Route 104 pou rive nan Route 18 ki nan Konte Monroe.
- 1.0 milyon dola pou refè sifas wout Route 64 soti depi nan Route 21 pou rive nan Route Dugway ki nan Konte Ontario.
- 980,000 dola pou refè sifas wout Route 98 soti depi nan Puzzey Road pou rive nan Route 31A ki nan Konte Orleans.
- 2.0 milyon dola pou refè sifas wout Route 88 soti depi nan Pearl Street pou rive nan Vilaj Sodus (Liy Fwontyè South Village la) nan Konte Wayne.
- 1.4 milyon dola pou refè sifas wout Route 19 soti depi nan Route 39 pou rive nan Route 78 ki nan Konte Wyoming.
- 1.0 milyon dola pou refè sifas wout Route 96A soti depi nan Route 96 (Village of Interlaken) pou rive nan Route 414 ki nan Konte Seneca.
- 1.3 milyon dola pou refè sifas wout Route 14A soti depi nan Lake Street pou rive nan Windmill Farm nan Konte Yates.

### **Rejyon Lwès New York**

Anviwon 16.1 milyon dola nan pwojè pou repara 328 kilomèt liy sikilasyon sou wout nou pral site la yo ki nan konte Niagara, Erie, Chautauqua, Cattaraugus ak Allegany:

- 960,000 dola pou refè sifas wout Route 353 soti depi nan Route 4 (Broadway Road) pou rive nan Route 62 ki nan Konte Cattaraugus.
- 520,000 dola pou refè sifas wout Route 219 la soti depi nan Liy Fwontyè Vil Salamanca rive nan Route 98 nan Konte Cattaraugus.
- 1.5 milyon dola pou refè sifas wout Route 474 soti depi nan Route 76 pou rive nan Route 394 ki nan Konte Chautauqua.

- 1.6 milyon dola pou refè sifas wout Route 20 soti depi nan Route 39 pou rive nan Pon ki pase sou ti rivyè Walnut Creek la nan Konte Chautauqua.
- 1.4 milyon dola pou refè sifas wout Route 5 soti depi nan Route 324 pou rive nan Liy Konte Genesee ki nan Konte Erie.
- 1.2 milyon dola pou refè sifas wout Route 20 soti depi nan Bowen Road pou rive nan Townline Road ki nan Konte Erie.
- 310,000 dola pou refè sifas wout Route 33 soti depi nan liy fwontyè Vil Alden/Lancaster a pou rive nan Walden Avenue nan Konte Erie.
- 1.0 milyon dola pou refè sifas wout Route 39 soti depi nan Mortons Corners pou rive nan Route 219 nan Konte Erie.
- 300,000 dola pou refè sifas wout Route 240 soti depi nan Holland Glenwood Road pou rive nan Boston Colden Road nan Konte Erie.
- 550,000 dola pou refè sifas wout Route 429 soti depi nan liy fwontyè Vil North Tonawanda pou rive a 600 pye osid Lockport Road nan Konte Niagara.
- 890,000 dola pou refè sifas wout Route 425 soti depi nan Upper Mountain Road pou rive nan Route 93 ki nan Konte Niagara.
- 620,000 dola pou refè sifas wout Route 19 soti depi nan GLF road nan Vil Belfast pou rive nan County Route 49 nan Vil Caneadea, Konte Allegany.
- 790,000 dola pou refè sifas wout Route 242 soti depi nan Lower Edgar Road pou rive nan liy fwontyè Vilaj Little Valley a, Konte Cattaraugus.
- 1.5 milyon dola pou refè sifas wout Route 16 soti depi nan Liy Fwontyè Vil Olean lan pou rive nan Route 446, Konte Cattaraugus.
- 1.1 milyon dola pou refè sifas wout Route 20 soti depi nan Liy Fwontyè Vilaj Westfield la pou rive nan Liy Fwontyè Vilaj Brocton lan, Konte Chautauqua.
- 1.2 milyon dola pou refè sifas wout Route 179 soti depi nan Route 5 pou rive nan Abbott Road, Konte Erie.
- 670,000 dola pou refè sifas wout Route 20 soti depi nan California Road pou rive nan Route 240 ki nan Konte Erie.

### **North Country**

Anviwon 8.6 milyon dola nan pwojè pou repare 150 kilomèt liy sikilasyon sou wout nou pral site la yo ki nan Konte Lewis, Jefferson, St. Lawrence, Franklin, Clinton, Essex ak Hamilton:

- 2.0 milyon dola pou refè sifas wout Route 9 soti depi nan Blue Ridge Road pou rive nan pon ki pase sou Rivyè Schroon lan, Konte Essex.
- 720,000 dola pou refè sifas wout Route 8/30 soti depi nan Gilmantown Road (County Route 16) pou rive nan Route 8 nan Vil Wells, Konte Hamilton.
- 400,000 dola pou refè sifas wout Route 22B soti depi nan Route 22 pou rive nan Route 16 (Mason Street) ki nan Konte Clinton.
- 1.8 milyon dola pou refè sifas wout Route 3 soti depi nan Liy Fwontyè Vil Franklin an pou rive nan Pine Grove Lane nan Konte Franklin.

- 1.3 milyon dola pou refè sifas wout Route 12 soti depi nan Route 26 pou rive nan Liy Konte St. Lawrence ki nan Konte Jefferson.
- 510,000 dola pou refè sifas wout Route 26 soti depi nan County Route 38 pou rive nan Carpenter Road nan Konte Lewis.
- 1.9 milyon dola pou refè sifas wout Route 58 soti depi nan County Route 8 pou rive nan Route 37 nan Konte St. Lawrence.

### **Mid-Hudson Valley**

Anviwon 19.8 milyon dola nan pwojè pou repare 146 kilomèt liy sikilasyon sou wout nou pral site la yo ki nan konte Westchester, Rockland, Putnam, Orange, Dutchess, Ulster ak Sullivan:

- 600,000 dola pou refè sifas wout Route 55 soti depi nan Route 22 pou rive nan Liy Fwontyè Eta Connecticut la nan Konte Dutchess.
- 1.7 milyon dola pou refè sifas wout nan de segman Route 199 la. Premye segman an ap soti nan zòn Winchell Mountain Road la pou rive nan Schultz Hill Road nan Vil Pine Plains. Dezyèm segman an ap soti nan zòn Stissing Mountain Road la pou rive nan North Road nan Vil Milan, Konte Dutchess.
- 1.8 milyon dola pou refè sifas wout Route 32 soti depi nan Maple Road pou rive nan Timber Trail Road nan Konte Orange.
- 700,000 dola pou refè sifas wout Route 17A soti depi nan 1.3 kilomèt alès Long Meadow Road pou rive a yon kilomèt edmi alès Old Tuxedo Road nan Konte Orange.
- 2.8 milyon dola pou refè sifas wout Route 22 soti depi nan Liy Konte Westchester pou rive nan Route 6 ki nan Konte Putnam.
- 2.6 milyon dola pou refè sifas wout Route 59 soti depi Alès Crossfield Avenue pou rive Alwès Route 304 nan Konte Rockland.
- 1.0 milyon dola pou refè sifas wout Route 44 soti depi nan Route 299 pou rive a 2.4 kilomèt alwès Antre Pak Eta Minnewaska a nan Konte Ulster.
- 2.4 milyon dola pou refè sifas wout nan de segman Route 9A (Saw Mill River Road). Premye segman an ap soti depi san pye onò Hastings sou Liy Fwontyè Vilaj Hudson lan pou rive Ashford Avenue, epi dezyèm segman an ap soti depi Heatherdell Road pou rive nan Route 100B. Toude lokalite sa yo nan Konte Westchester.
- 2.9 milyon dola pou refè sifas wout Route 137 (Highridge Road) soti depi nan Liy Fwontyè Eta Connecticut la pou rive nan Route 121 nan Vil Pound Ridge, Konte Westchester.
- 1.1 milyon dola pou refè sifas wout Route 139 (Primrose Street) soti depi nan Route 100 pou rive nan Primrose School Driveway nan Vil Somers, Konte Westchester.
- 2.1 milyon dola pou refè sifas wout Route 42 soti depi nan Liy Fwontyè Konte Orange lan pou rive Breaky Avenue nan Konte Sullivan.

### **Southern Tier**

Anviwon 15.8 milyon dola nan pwojè pou repara 182 kilomèt liy sikilasyon sou wout nou pral site la yo ki nan konte Steuben, Schuyler, Chemung, Tompkins, Tioga, Broome, Chenango ak Delaware:

- 950,000 dola pou refè sifas wout Rt. 366 soti depi Route 13 pou rive nan Liy Fwontyè Vilaj Freeville la nan Konte Tompkins.
- 650,000 dola pou refè sifas wout Route 417 soti depi nan sòti Gang Mills lan sou otowout Interstate 99 pou rive nan sòti Erwin lan sou otowout Interstate 99 la nan Konte Steuben.
- 540,000 dola pou refè sifas wout Route 417 soti nan limit Vilaj Addison lan pou rive jis alès County Route 85 (Freeman Road) nan Konte Steuben.
- 1.3 milyon dola pou refè sifas wout Route 417 soti depi nan Liy Fwontyè vil Tuscarora a pou rive alès County Route 102 nan Konte Steuben.
- 850,000 dola pou refè sifas wout Route 223 soti depi nan Route 13 nan Vilaj Horseheads pou rive alès Langdon Hill road nan Vil Erin, Konte Chemung.
- 1.5 milyon dola pou refè sifas wout Route 79 soti depi nan Route 414 pou rive nan Route 227 (eksepte Vilaj Burdett la) nan Konte Schuyler.
- 1.5 milyon dola pou refè sifas wout US 11 soti depi nan wout eta NY 12 pou rive alès East Hill Road nan Vil Chenango, Konte Broome.
- 2.3 milyon dola pou refè sifas wout Route 41 soti depi nan County Road 17 nan Vil Afton pou rive nan Route 235 nan Vil Coventry, Konte Chenango.
- 2.3 milyon dola pou refè sifas wout Route 30 soti depi nan Konsèy Administrasyon Apwovizyonman Dlo (Board of Water Supply) No. 4 Road pou rive nan Route 28 nan Konte Delaware.
- 2.3 milyon dola pou refè sifas wout Route 28 soti depi nan Ti Vilaj Meridale (Vil Meridith) pou rive nan Route 357 nan Vil Franklin, Konte Delaware.
- 1.6 milyon dola pou refè sifas wout Route 17C soti depi 1.2 kilomèt alès Hiawatha Road pou rive a 0.4 kilomèt alès Pon Millennium lan nan Vil Owego, Konte Tioga.

### **Long Island**

Anviwon 12.3 milyon dola nan pwojè pou repara 55 kilomèt liy sikilasyon sou wout nou pral site la yo ki nan konte Nassau ak Suffolk:

- 3.5 milyon dola pou repara chose an beton sou otowout Ocean Parkway nan Direksyon Lwès soti depi Zach's Bay pou rive nan Liy Fwontyè Konte Nassau/Suffolk la, Konte Nassau.
- 1.3 milyon dola pou refè sifas wout Route 110 soti depi nan Lowndes Avenue pou rive High Street nan Konte Suffolk.
- 1.0 milyon dola pou refè sifas wout Route 25B soti depi nan otowout Northern State Parkway a pou rive nan Route 25, Konte Nassau

- 800,000 dola pou repare chose an beton sou Route 27A soti depi nan otowout Old Sunrise Highway a pou rive nan Merrick Road, Konte Nassau.
- 850,000 dola pou refè sifas wout Route 110 soti depi nan Depot Road pou rive nan Henry Street, Konte Suffolk.
- 4.8 milyon dola pou refè sifas wout Route 27 soti depi nan Horseblock Road pou rive nan otowout William Floyd Parkway a, Konte Suffolk.

## **Vil New York**

Anviwon 10.2 milyon dola nan pwojè yo se pou betone oswa asfalte 75 kilomèt wout nan wout nou pral site la yo ki nan Vil New York:

- 4.3 milyon dola pou refè sifas seksyon nivèlman nan tou de direksyon sou otowout Bruckner Expressway (I-278) a soti depi nan Evergreen Avenue pou rive nan Havemeyer Avenue nan Konte Bronx.
- 80,000 dola pou refè sifas ranp antre ak sòti otowout Brooklyn Queens Expressway a nan McGuinness Boulevard nan Konte Kings.
- 30,000 dola pou refè sifas Ranp Antre Direksyon Lès la soti nan Hamilton Avenue pou rive nan otowout Brooklyn Queens Expressway a nan Konte Kings.
- 360,000 dola pou refè sifas otowout Brooklyn Queens Expressway a nan tou de direksyon soti depi Wythe Avenue pou rive nan Vyadik Flushing Avenue an nan Konte Kings.
- 750,000 dola pou refè sifas otowout Brooklyn Queens Expressway nan tou de direksyon anba pon 69th Street la nan Konte Queens.
- 570,000 dola pou refè sifas ranp yo sou echanj ant otowout Long Island Expressway ak Queens Boulevard ak Woodhaven Boulevard nan Konte Queens.
- 4.1 milyon dola pou fè reparasyon konplè oswa pasyèl beton an pwofondè, reparasyon jwen yo, epi bouche kote ki fele yo sou Route 9A a soti depi nan Morris Street pou rive nan West 59th Street nan Konte New York.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)